

VAKSEN KOVID-19 KESYON KI MANDE SOUVAN

GID MESAJE KOMINOTE A

Mete Ajou 26 Out 2021

Dokiman sa a fèt nan entansyon pou bay mesaj de konfyans yo ak yon seri kesyon yo poze anpil konsènan vaksen KOVID-19 pou gide konvèsasyon avèk manm kominote yo. Enfòmasyon sa a baze sou prèv syantifik ki disponib jodia, rapò, detay sou otorizasyon pou itilizasyon ijans, ak opinyon ekspè yo, epi li kapab chanje. Dokiman sa ap nouvo kou prèv ak enfòmasyon sou vaksen kont KOVID-19 yo ki vin disponib.

Poukisa mwen dwe pran Vaksen pou KOVID-19?

Le ou pran vaksen KOVID-19, li ede'w anpeche malad ak KOVID-19. Menm nan jèn, ki an sante, KOVID-19 ka lakoz maladi trè grav ak lanmò. Granmoun ajè yo ak moun ki gen kondisyon sante tankou dyabèt oswa obezite yo gen yon pi gwo risk. Non selman li ede'w, plis moun ki pran vaksen an, se plis nou ka pwoteje fanmi nou pi byen ak kominote nou yo, ki gen timoun piti yo ki poko kalifye pou pran vaksen an. Pi bon fason pou n reyalize sa a se pou nou tout pran vaksen pou kowonaviris la.

Ki vaksen ki disponib kounye a Ozetazini?

Plizyè vaksen KOVID-19 yo resevwa Otorizasyon pou Itilizasyon Ijans (EUA) pa FDA. De dòz vaksen yo ki devlope pa Pfizer/BioNTech ak Moderna te resevwa EUA nan Desanm 2020 e kounye a yo bay yo nan tout Etazini. Vaksen sel dòz Johnson & Johnson lan (J&J) te resevwa yon EUA an Fevriye 2021 e li egalman distribiye nan tout peyi a. Plizyè lòt vaksen KOVID-19 yo aktyèlman an devlopman.

Depi Out 2021, FDA te konplèman apwouve Pfizer/BioNTech (kounye a komèsyalize sou non 'Comirnaty'), ki fè li premye vaksen KOVID-19 ki konplètman apwouve pou moun 16+. Moun laj 12-15 toujou ka resevwa vaksen anba EUA. Anplis de sa, yon twazyèm dòz pou moun iminokompromi yo disponib anba EUA a tou.

Kisa apwobasyon FDA vle di?

Apwobasyon konplè FDA ale pi lwen ke EUA a — ki pèmèt vaksen yo teste anpil e distribiye pandan yon ijans sante piblik — e li gen ladan tès sekirite ak rechèch adisyonèl ki pèmèt vaksen yo distribiye lajman apre ijans sante piblik la. Avèk apwobasyon konplè FDA pou vaksen KOVID-19 la, Ameriken ka gen plis konfyans ke vaksen KOVID-19 yo travay san danje.

E konsènan Moderna ak J&J?

Vaksen sa yo pral kontinye administre pa otorizasyon pou itilizasyon ijans pandan FDA ap revize enfòmasyon syantifik sou enfòmasyon pratik yo. Vaksen Pfizer KOVID-19 an se te premye vaksen ki te resevwa EUA, ki fe se li ki te pwemye vaksen ki te gen ase enfòmasyon syantifik e premye pou resevwa apwobasyon konplè. Moderna te li menm tou soumèt yon aplikasyon pou apwobasyon konplè pou vaksen KOVID-19 li a, e FDA aktyèlman ap revize enfòmasyon sa yo.

Kisa Varyant Delta a ye? Èske vaksen KOVID-19 yo travay kont li? Mwen te tande ke gen ki ap devlope?

Tout viris yo transfòme epi chanje san pwoblèm. Lè transfòmasyon yo chanje karakteristik yon viris an reyaltite (fason l fèt oubyen konpòtman l), nou klase yo kòm varyan. Kounye a, varyan Delta a se pi gro varyan KOVID-19 k'ap fè ravaj Ozetazini. Li gaye vit, sitou nan zòn kote pa gen anpil moun ki pran vaksen an. Varyant Delta a pi fasil pou'l transmèt pase lot varyan KOVID-19 nou wè, sa vle di li ka gaye pi fasil de yon moun a yon lòt moun. Nou toujou kontinye n ap aprann sou varyan Delta a, men tou li ka pi fasil pou touye moun e l ka pi danjere pou moun ki te enfekte pase varyan ki te la avan yo. Sanble li pi siseptib pou li menen moun lopital, demann oksijèn, e lanmò konparatif ak lot tras viris yo te obsève yo, espesyalman nan moun ki pa vaksinen yo.

Vaksen KOVID-19 yo fèt an premye pou diminye risk pou maladi an vin grav e lanmò akòz de viris la; yo toujou kontinye fè sa trè byen. Malgre vaksen an efikas, pa gen vaksen ki pafè, ki fe ke li posib ke moun ki pran vaksen an ka gen ka pozitif. Varyan Delta a pwovoke plis chajman nan ka yo pase lòt vèsyon viris la. Sepandan, pifò ka sa yo san okenn sentòm oubyen yo pa twò grav. Moun ki pa pran vaksen an kontinye ap kouri gro risk pou malad grav oubyen mouri. Chanjman ki fèt nan ka yo pa vle di vaksen an pa bon pou sa. Done (chif) yo montre vaksen ki disponib yo efikas espesyalman kont enfeksyon ki bay sentòm, etèn lopital ak lanmò. Pi bon fason pou pwoteje tèt ou ak moun nan antouraj ou de varyan Delta a se pou w pran vaksen pi vit ke posib.

Èske vaksen yo san danje?

Ekspè medikal ak sante piblik fè apwobasyon FDA an konfyans ak pwosesis esè klinik pou vaksen an ki te konplè. Yo fe sistèm sante piblik lan konfyans, kap kontwole efikasite vaksen yo e ki asire yo san danje. Rezilta nan etid klinik ak eksperyans nan mond lan montre ke vaksen yo san danje epi yo travay trè byen pou anpeche maladi.

E konsènan vaksen J&J a ye? Mwen te tande vaksen an te kanpe pa mezi de prekosyon?

Nan mwa Avril, yo te sispann itilize vaksen J&J pou ekspè yo te kapab pi byen konprann yon condition koagilasyon nan san ki rive yon ti kantite moun. Apre yo te fin evalye risk pou konplikasyon ak risk pou gen KOVID-19 e devlope maladi grav, regilatè yo ak ekspè medikal yo detèmine ke avantaj ki genyen nan vaksen Johnson & Johnson plus ke risk yo. Apre 10 jou, yo pat sispan li anko e yo te rekòmanse itilize vaksen an nan eta yo. Nan 7.9 milyon dòz vaksen J&J yo te administre depi fen Avril la, te gen 15 ka maladi. Pòs sa a se yon egzanp ke sistèm regilasyon sante piblik la ap travay paske li dwe priyorize sante pasyan ak transparans.

Si ou resevwa vaksen J&J, risk ou genyen pou gen sentòm negatif sa a piti anpil, e li diminye avèk tan, e gen ka ki pwodui ant 6-14 jou aprè vaksinasyon an. Ou dwe okouran de sentòm maladi a, ki bay gwo maltèt, doulè nan vant oswa janm, e souf kout, epi kontakte yon moun medikal si w santi sentòm sa yo oswa si w gen enkyetid. Vaksen yo ki apwouve anba EUA a, gen ladan vaksen Johnson & Johnson lan, yo tout trè efikas kont KOVID-19, e ekspè yo rekòmande ke w kontinye jwenn vaksen sa yo ki disponib pou pwoteje tèt ou ak fanmi ou.

Poukisa vaksen yo te devlope rapid konsa? Mwen enkyete ke vaksen sa yo pat sibi ase tes.

Akòz severite pandemi a, gouvènman an te rele pi gwo syantifik yo e depanse anpil lajan pou ankouraje konpayi famasetik yo pou devlope vaksen kovid yo nan yon fason pou sove lavi e retounen jan sa te ye anvan an. Syantifik yo te adapte rechèch vaksen ki egziste depi lontan pou yo te ka fè nouvo vaksen pou teste nan etid klinik yo. Pa gen okenn estanda pou sekirite ki te chanje oswa koupe pandan pwosesis sa a. Vaksen ki disponib kounye a te pase yon esè klinik apwofondi pou asire ke yo te efikas e san danje anvan yo te apwouve, ajan sante piblik yo toujou ap kontwole yo.

Men, e konsènan “nouveau” teknoloji ki itilize pou fè kèk nan vaksen yo? ARNm a, oswa sa’l ye a, nan vaksen an pa sanble yon bagay nòmal.

Mesaje RNA a, (ke yo rele ARNm tou) ak lòt paròl teknik kapab kreye entimidasyon e ka difisil pou konprann. Kòm anpil doktè dekri li, ARNm lan se tankou yon “plan” pou ede kò nou “bati” pwoteyin Kowonaviris yo pou ke pwosesis natirèl iminitè nou an ka devlope antikò yo pou reponn si koronaviris reyèl la enfekte nou. Sa ki fe plan ARNm yo espesyal se ke yo pa reyèlman fè koronaviris la, men yo imite li pou fe kò nou prepare yon defans kont li. Fason ke yo devlope ARNm lan itilize nan de vaksen yo aprobe yo, Pfizer ak Moderna.

Vaksen J&J itilize yon lot teknoloji ki egziste deja, ki rele vektè viral, ki te itilize anpil ane de sa nan terapi jèn ak nan plizyè lòt vaksen, ki gen ladan youn ki travay pou konbat Ebola. Pa gen youn nan vaksen yo ki ka bay KOVID.

Oke, men sou ki moun yo te teste vaksen sa yo? Èske te gen moun ki soti nan sèk diferan ki te patisipe nan etid klinik yo? Èske vaksen yo te efikas pou moun tout ras ak gwoup etnik yo?

Nan pwosè Pfizer a, 26% nan patisipan yo idantifye kòm espanyòl oswa Latinx, 10% nan patisipan yo idantifye kòm Nwa, 4% kòm Azyatik, ak 1% kòm Ameriken natif natal oswa Ensile nan Pasifik la. Nan jijman vaksen Moderna a, 20% nan patisipan yo idantifye kòm espanyòl oswa Latinx, 10% nan patisipan yo idantifye kòm Nwa, 5% kòm Azyatik, ak 1% kòm Ameriken natif natal oswa Ensile Pasifik la. Nan rechèch Johnson & Johnson lan, 45% patisipan yo idantifye kòm Panyòl oswa Latinx, 17% patisipan yo idantifye kòm Nwa, 4% kòm Azyatik, ak 9% kòm Ameriken Natif oswa nan Zile Pasifik la. Patisipan yo nan etid yo reprezante ras, etnisite, laj, ak modèl sèks nou wè nan Etazini. Rezilta final la nan tout vaksen ki apwouve yo te revele ke tout vaksen KOVID-19 yo efikas pou anpeche KOVID-19 lan nan tout ras ak tout gwoup etnik yo.

Kijan ke vaksen yo pral afekte granmoun aje yo? Moun ki deja gen lot kondisyon? Tout kalie ras ak gwoup etnik yo?

Vaksen Kowonaviris lan pa gen danje pou jèn ak granmoun aje yo. Li san danje pou moun ki gen kondisyon tankou dyabèt ak obezite tou. Vaksen an san danje pou Nwa, Blan, Espanyol, Azyatik, ak Ameriken Endyen e li te teste nan group sa yo nan etid klinik yo. Moun ki gen lot problem sante deja oswa ki gen enkyetid ankouraje pou pale ak yon travayè medikal pou li ede yo pran pi bon desizyon.

Kounye a moun ki iminokompromi yo kapab resevwa yon twazyèm dòz vaksen Pfizer oswa Moderna a. Moun ki iminokompromi anpil dwe pale ak yon travayè medikal pou diskite kalifikasyon yo pou yon dòz adisyonèl.

Èske timoun kapab pran vaksen KOVID-19 la?

Nan moman sa a, moun ki gen 12+ elijib pou resevwa vaksen Pfizer a, e moun ki gen 18+ ka resevwa vaksen Moderna oswa J&J. Etid klinik yo komanse deja pou jèn timoun, e rezilta etid Pfizer yo pou timoun yo ki gen laj 5-11 ap deyo nan kòmansman otòn 2021. Rezilta moderna ap fini nan lot mwa kap vini pita. Rezilta yo ak detèminasyon kalifikasyon pou timoun ki pi piti yo ap swiv rezilta premye gwoup inisyal sa a.

Èske pa gen danje pou pitit mwen an pran yon vaksen KOVID-19?

Ekspè medikal ak sante piblik fè apwobasyon FDA an konfyans ak pwosesis esè klinik pou vaksen an ki te konplè. Ofe sistèm sante piblik lan konfyans, kap kontwole efikasite vaksen yo e ki asire yo san danje. Etid klinik yo fè pou timoun ki gen mwens ke 12 lane kòmanse deja e vin gen plis timoun ladan pou yo ka jwen plis enfòmasyon sou sekirite ak efikasite vaksen an kont viris la- sa ede ekspè yo konnen plis bagay ke posib. Pale ak doktè pitit ou a pou aprann plis enfòmasyon.

Èske fanm ansent kapab pran vaksen KOVID-19 la? E pou moun k ap eseye vin ansent kounye a oswa nan tan k ap vini yo?

Sant Kontwòl Maladi (CDC) rekòmande pou medam ki ansent yo pran vaksen kont KOVID-19 la. Pa gen moun ki te ansent ki te enskri nan esè etid klinik orijinal yo; sepandan, sistèm siveyans vaksen yo pa montre okenn danje pou fanm ansent oswa pou bebe yo. An reyalye, si w te pran vaksen an pandan fen gwosès ou, li posib ke antikò w devlope nan vaksinasyon an ap rive jwen tibebe w la epi li ka bay kèk pwoteksyon kont KOVID-19 la. Yo jwen ke fanm ansent yo ki te pran KOVID-19 vin pi malad ke fanm ki pa ansent yo, kidonk pou anpeche KOVID-19 ak vaksinasyon li enpòtan sitou nan gwosès. Si w ansent e/oswa w ap bay lèt, silvoulè pale ak travayè medikal ou pou aprann plis enfòmasyon.

Si w planifye pou vin n ansent kounye a oswa nan lavni, ekspè yo rekòmande pou nou pran vaksen KOVID-19 la. Pa gen okenn prèv ki montre ke okenn vaksen, ki gen ladan vaksen KOVID-19, lakòz pwoblèm fètilité e enfòmasyon synatifik pa montre prev ke li ogmante okenn risk pou foskouch. Nan tout vaksen, ekspè medikal yo ap kontinye etidye efè segondè yo; nou pral ba w nenpòt nouvou enfòmasyon nou jwenn lè yo vin disponib.

Ki efè segondè vaksen an ap bay? Èske pral gen efè alontèm?

Efè segondè yo ka gen ladan doulè nan kote yo bay piki a, fatig, maltèt, frison, doulè nan misk, lafyèv, kè plen, ak doulè nan jwenti. Dabitid efè segondè sa yo pa twò grav epi yo dire 1-3 jou. Anjeneral, efè segondè yo pi kòmen nan pasyan ki pi jèn ke nan pasyan pi aje yo, epi dezyèm dòz la asosye ak plis efè segondè ke premye a. Pale ak doktè ou oswa travayè medikal ki ba w vaksen an de medikaman san preskripsyon pou pran pou jere nenpòt malèz ou ka fè apre ou fin pran vaksen an. Nan istwa, efè alontèm nan vaksen yo ra anpil. Men, jis pou asire w, CDC a pral kontinye siveye sa tre pre pandan mezi sa yo vin plus.

Kijan ke yo administre vaksen KOVID-19 la epi konbyen vaksen KOVID mwen pral bezwen?

Si ou te pran vaksen Pfizer oswa Moderna, ou pral bezwen 2 vaksen. Dezyèm dòz la dwe administre 21 oswa 28 jou apre premye dòz la, tou depann de si wi ou te resevwa dòz Pfizer a oswa Moderna a. Si ou pran vaksen J&J nan, w ap pran yon sel dòz. Yap pike vaksen an nan bra ou.

kèk moun iminokompromi kapab pran yon trazyèm dòz Pfizer oswa Moderna vaksen kounye a. Sa se pou espesyalman moun ki resevwa transplantasyon ògàn oswa moun ki dyagnostike ak mem nivo kondisyon iminokompromi. Moun ki iminokompromin ta dwe pale ak yon travayè medikal pou diskite kalifikasyon yo pou yon dòz adisyonèl.

Si mwen resevwa vaksen Pfizer a oswa Moderna a, èske mwen reyèlman bezwen 2yèm dòz la? Mwen te apran ke efè segondè dezyèm dòz la pi mal ke premye a?

Pou vaksinen Pfizer ak Moderna yo, yon moun konsidere konplètman vaksine apre 14 jou ke li fin pran dezyèm dòz la. Dezyèm dòz vaksen KOVID ki apwouve yo ogmante iminite kont viris la epi ou da dwe 21 (Pfizer) oswa 28 (Moderna) jou apre premye dòz la, tou depann de ki piki ou te resevwa. Pou vaksen J&J lan, yon moun konsidere konplètman vaksine apre 14 jou li ke li fin pran yon sèl dòz. Rechèch yo pa vrèman montre yon efè segondè ki grav. Rate oswa sote dòz la ka lakòz mwens iminite endividyèl kont viris la epi li ka mennen nan aparasyon nouvo varyan ki ka pi danjere pou ou menm ak kominote w la.

Èske map enfekte ak KOVID-19 le mwen pran vaksen an?

Pou yon vaksen lakoz enfeksyon, li dwe gen ladan l viris la anvi. Vaksen Kowonaviris yo apwouve yo pa gen virus la ladan l, se sak fè nou pa kapab enfekte ak KOVID-19 ladan yo. Ou ka santi kèk sentòm apre w fin pran vaksen an tankou doulè oswa bra ou anfle kote w te pran piki a, yon lafyèv pou yon ti tan yon tèt fè mal oswa ou santi w fatige.

Èske mwen dwe pran vaksen an si m te gen KOVID-19 e mwen te refè?

Nan moman sa a, li rekòmande pou tout moun pran vaksen an, menm si yo te gen KOVID-19 anvan e yo te refè, oswa yo te teste pozitif pou antikò yo. Prèy ki vini depi lontan yo sijere iminite natirèl nan KOVID-19 ka pa dire pou tout tan, men dwe gen plis etid pou pi byen konprann sa a. Pa gen yon katite tan minimòm ant moman enfeksyon an ak moman yo rekòmande vaksinasyon an. N ap rekòmande w pran vaksen apre sentòm ou yo rezoud (si ou se sentòmatis) e apre w fin ranpli kondisyon pou izolasyon an.

Èske mwen toujou bezwen mete yon mask epi swiv pwotokòl distans sosyal apre mwen fin pran vaksen an?

Wi, pou pi fo tan. Sa pa gen twò lontan depi Sant Kontwòl Maladi (CDC) te mete plis entriksyon l ou pi byen pwoteje moun. Yo rekòmande mete mask ou menm si ou te pran vaksen an oubyen si ou pa t pran l. Sant Kontwòl Maladi (CDC) a kounye a rekòmande pou tout moun mete mask- kèlkeswa estati vaksinasyon- k ap viv nan zòn nan ki afekte anpil, ki kounye a dekri majorite peyi a. Wap jwenn nivo transmisyon an [a](#). Moun ki gen plis ke 65 lane, ki gen yon sistèm iminitè ki pa ka pwoteje yo (ki fèb) oubyen ki gen yon maladi kwonik, oswa k ap viv ak moun ki nan youn nan kategori sa yo, kapab vle anvizaje mete mask anndan, kelkeswa jan transmisyon an ye nan zòn kote l rete a. Pran KOVID-19 la pandan w deyò pa fasil ditou nan pifò ka, men si se nan yon espas ki gen apil moun, moun yo ka vle anvizaje mete yon mask.

Ki kote m kapab vaksine?

Nenpòt moun ki kalifye pou pran vaksen an (12+), ap kapab pran vaksen yo plizye kote, ki gen ladan famasi, klinik mobil, oswa lòt kote. Ou kapab fè rechèch sou entènèt nan zòn ou la: <https://www.vaccines.gov/search/>. Gade nan depatman sante lokal ou a oswa doktè pou plis detay, kòm ka gen opòtinite ki pa nan lis sou sit entènèt sa a.

Èske m dwe peye pou yon vaksen KOVID? Èske m dwe montre dokiman ?

Non, vaksen KOVID la gratis pou tout moun. Ou pa bezwen montre Kat idantite ou oswa estati imigrasyon pou kapab vaksinen. Si ou gen asirans medikal, yo kapab mande ou pou kat asirans ou nan randevou a, men ou pap gen anyen pou peye.

Èske vaksen KOVID-19 la pran plas kont vaksen nemoni oswa vaksen grip?

Non, vaksen KOVID-19 la pa pran plas vaksen nemoni ak vaksen grip. Li rekòmande pou toujou pran vaksen kont nemoni ak vaksen grip la anplis de KOVID-19 la. Tanpri konsilte moun ki bay swen sante konsènan chèche ki vaksen ak orè vaksen yo rekòmande.

Ide ke yo prezante nan dokiman sa refile dènye refleksyon nan domèn sante piblik ak prèv syantifik yo nan mwa Out 2021. Nou vle fè w konnen ke sitiyasyon vaksen KOVID-19 la rete trè likid, e se responsabite w pou asire w ke desizyon ki pran yo baze sou enfòmasyon disponib ki pi ajou yo. Partners in Health pa bay konsèy medikal, diagnostik oubyen tretman nan peyi Etazini. Toujou chèche konsèy yon doktè oubyen lòt founisè swen sante ki kalifye pou nenpòt kesyon konsènan yon pwoblèm medikal. Enfòmasyon yo, sa gen ladan l men ki pa gen sa sèlman, tèks, grafik, imaj ak lòt materyèl ki nan dokiman sa a, yo fèt pou bay enfòmasyon sèlman.